

Ki jan pou nou anpeche maladi COVID-19 simaye?

- Lave men w byen lave souvan avèk savon ak dlo, pandan omwen 20 segonn, sitou aprè w mouche nen w, aprè w touse oubyen estènye, aprè w ale nan twalèt, epi anvan ou manje oubyen prepare manje.
- Pa manyen je w, nen w, oubyen bouch ou san ou pa lave men w dabò.
- Rete chita lakay w si w malad.
- Kouvri nen w ak bouch ou avèk yon mouchwa lè w ap touse oubyen estènye (si w pa gen mouchwa oubyen papye klinèks, kouvri bouch ak nen w anba koud bra w)
- Evite kontak sere/pa kole kò w avèk moun ki pa abite nan menm kay avè w.
- Mete yon mas si w malad.
- Netwaye epi dezenfekte tout sifas.

Pwen enpòtan pou w konnen:

1. Moun ki enfekte ka pase maladi a bay nenpòt ki moun; nenpòt ki moun, kèlkeswa ras li, laj li, sèks li, elatriye, ka pran maladi a.
2. Moun ka pase lòt moun maladi a san yo pa gen sentòm yo menm (pa egzanp, moun ki pran mikwòb la men ki poko tonbe malad, oubyen timoun piti ki pa gen sentòm men ki ka pote mikwòb la nan kò yo).
3. Moun ki gen pi gwo risk se ti granmoun avèk moun ki gen lòt maladi; sepandan, nenpòt ki moun ki vin enfekte.
4. Moun ki deja fin fè karantèn oubyen ki deja kite izolasyon pa reprezante yon risk pou enfekte lòt moun.

Sentòm COVID-19:

Lafyèw

Tous

Difikilte pou respire byen

Kontakte yon doktè si w gen sentòm sila yo, epi si w te kole ak moun ki fè COVID-19 oubyen si w ap viv nan yon zòn kote COVID-19 ap gaye, osinon si w vizite yon zòn konsa resaman.